



GID REFWADISMAN AN ETE

CITY of BOSTON





KOUMAN POU UTILIZE GID SA A

Dokiman sa a esplike plizyè estrateji ki fasil pou deplwaye vil la ap itilize pou kenbe rezidan yo fre pandan evènman chalè ekstrèm yo pandan tout ete a. Pou chak estrateji, nou enkli enstriksyon ak konsèy pou w eseye ak manm fanmi w, vwazen, ak kominote w. Dokiman sa a se pou tout òganizasyon, ki gen ladann, men pa limite ak: gwoup/klib kominotè, òganizasyon san bi likratif, asosyasyon katye, enstitisyon relijye, enstitisyon akademik, lekòl, ak/oswa biznis.

Nou espere ke lè nou pataje estrateji refwadisman sa yo, w ap mete men avèk nou pou bati yon Boston ki pi rezistan!

Estrateji

- Pop-Up Tant a vapè dlo
- Estasyon vapè dlo pasif
- Itilizatè-aktive estasyon vapè dlo
 - Plaza refwadisman sezonal
 - Estasyon refwadisman andedan
- Mesaj sou resous pou refwadisman

Tant ak vapè dlo



Trè bon pou:

Evènman deyò ki dire yon jounen kote ou ta ka vle lonbraj ak vapè dlo!

Pri apwoksimatif :

Dispoze anviwon \$300 jiska \$500 nan bidjè w pou chak tant ak vapè dlo

Pèsonèl:

- Daprè eksperyans nou, tant sa yo travay pi byen lè gen yon moun kap voye je sou yo.
- Trete yo menm jan ou tap trete nenpòt lòt pop-up tant nan yon evènman.
- Tou depan de tant lan, youn oubyen de moun ka monte l.

Konsèy:


- Gen bouch tiyo arozaj vapè dlo siplemantè ki disponib, gen kèk mak ki pi solid pase lòt, men atann ke kèk ap kase.
- Nou pa rekòmande pou kite yo kanpe pandan plizyè jou alafwa oswa lannwit.
- Itilize yon kote ki toupre yon sous dlo potab.
- Konsidere lokalize tant sou yon sifas ki solid. Si ou enstale tant sou zèb, tè a ka vin fè labou apre plizyè èdtan itilizasyon san rete.

Pyès:

- Pop-up tant 10 pye x 10 pye
- Kòd pou vapè dlo
- Sentiwon Velcro oswa ti kòd plastik
- Tiyo arozaj
- Pwa (20 liv pou chak pye): sak dlo, sak sab, oswa pwa an metal
- Kle pou ouvè / fèmen dlo
- Opsyonèl
- Kontwòl vav
- Filtè pou dlo

Etap konfigirasyon:

1. Chwazi yon kote ki toupre yon sous dlo potab. Asire lokasyon w lan aksesib pou yon pakèt itilizatè. Si tiyo arozaj la travèse yon twotwa oswa lòt chemen, [itilize yon ranp papòt ADA](#) pou kouvri l epi pou anpeche danje pou moun kilbite.
2. Monte tant lan daprè enstriksyon ki vini avèk li yo.
3. Sèvi avèk sentiwon Velcro oswa ti kòd plastik pou tache kòd vapè dlo a nan ankadreman tant lan. Asire ke tout bouch tiyo arozaj yo fè fas pa andedan.
 - a. Si se premye fwa wap itilize l, pa tache bouch tiyo vapè dlo yo nan liy vaporizasyon an jiskaske apre ou fin floche l ak dlo pou retire tout debri.
4. Konekte tiyo arozaj la nan sous dlo a ak nan kòd vapè dlo a. Si w ap itilize yo, atache filtè dlo a ak/oswa kontwòl vav dlo oswa revèy.
 - a. Ou ka bezwen aplike adezif plonbye a nan fil tiyo yo epi sèvi ak pens channellock pou byen kole l.
5. Ouvè dlo a epi jwi l!




Kòd Velcro- oswa kòd plastik nan kòd vapè dlo a ale nan ankadreman tant la.



Asire bouch tiyo vapè dlo yo fè fas andedan

ESTATION VAPÈ DLO PASIF

**soti nan modèl sistèm vapè dlo Inivèsite Northeastern*



Trè bon pou:

Vaporizasyon pandan tout lete a - sa yo pa bezwen demonte jiska otòn!

- Opsyon sa a mande pou jwenn yon kote pre yon branch dlo potab ak yon bagay wo ou ka kroke tiyo arozaj la.
- Branch pye bwa ki solid trè bon, paske yo bay lonbraj natirèl tou.

Pri apwoksimatif:

\$100 oswa mwens

Pèsonèl:

Opsyon sa a ta dwe sèlman bezwen pèsonèl pou antretyen woutin ak kontwole jan dlo a koule

Konsèy:

- Sèvi ak yon vav dlo ki kontwole avèk yon app (aplikasyon elektronik) ap pèmèt ou adapte ak chanjman nan tanperati a epi pwograme entèval pou vapè dlo a.
- Nou rekòmande mete opsyon vapè dlo sa a toupre twotwa oswa plaza, konsa, moun k ap pase yo ka chwazi si yo vle pase ou pa nan vapè dlo a.
- Si ou enstale vapè dlo sou zèb, tè a ka vin fè labou apre plizyè èdtan itilizasyon san rete.

Eleman:

- Bouch tiyo arozaj vapè dlo (nou itilize ¼ galon pou chak minit [bouchetiyo](#))
- Sentiwon Velcro oswa ti kòd plastik
- Tiyo arozaj
- Kontwòl vav ki baze sou App (aplikasyon eletronik)
- Opsyonèl:
 - Filtè dlo
 - Tiyo ak plizyè tèt: sa a pral pèmèt ou branche plizyè bouch tiyo pou plis arozaj

Etap konfigirasyon:

1. Chwazi yon kote toupre yon koneksyon dlo ki gen tou yon bagay ou ka pandye bouch tiyo pou vapè a ladann (tankou yon branch pye bwa). Konsidere aksè; asire ke tiyo arozaj la pa prezante yon danje pou moune kilbite.
2. Atache bouch vapè dlo a nan tiyo arozaj la. Si w ap itilize yon tiyo ak plizyè tèt pou enstale de bouch, atache sa tou. Ou ka bezwen aplike adezif plonbye a nan fil tiyo arozaj yo epi sèvi ak pens channellock pou byen kole l.
3. Mare tiyo arozaj la ak bouch la nan estrikti ou chwazi a - egzanp: branch pye bwa ki solid.
4. Konekte tiyo arozaj la nan kontwòl vav la ak sous dlo a. Si w ap itilize yon filtè dlo, atache sa pandan etap sa a tou. Ou ka bezwen aplike adezif plonbye nan fil tiyo arozaj yo epi sèvi ak pens channellock pou byen kole l.
5. Ouvè dlo a epi jwi !

Egzanp nan Inivèsite Northeastern



Top Photo Credit: Alyssa Stone/Northeastern University
Bottom Photo Credit: Torrey Spies/Northeastern University

ESTASYON VAPÈ DLO AKTIVE PA ITILIZATÈ



Trè bon pou:

Bay vapè dlo itilizatè-aktive pou refwadisman kout ak soulajman ak chalè pandan ete a.

- Pandan ke yo ta dwe seche liy lan, epi yo dwe mete bouch tiyo vapè dlo andedan nan sezon otòn nan, rès estrikti sa a ka rete kanpe pandan tout ane a.
- W ap bezwen yon kote toupre yon branch dlo potab kote ou kapab tou enstale yon estrikti ki estab pou sipòte liy vaporizasyon ou a.
- Opsyon sa a konsève dlo paske li asire ke vapè dlo a aktive sèlman lè yon moun ap itilize l. Nou fè sa lè nou itilize yon tiyo douch deyò "mezire", ki bay yon kantite dlo kwonomèt.

Pri apwoksimatif:

Kapab koute \$500 jiska \$1000 selon ki estrikti ak siyalizasyon ki itilize.

Pèsonèl:

Opsyon sa a ta dwe sèlman bezwen pèsonèl pou tchèk antretyen woutin.

Konsèy:

- Gen bouch vapè dlo sipleman tè ki disponib (pou ranplasman an ka ta genyen ki kase)
- Ou pral bezwen bati yon panèl siyalizasyon pou enstale vav mezire a. Gade dyagram ki anba a. Yon moun nan ekip antretyen batiman ou a ta dwe kapab ede ak sa.

Eleman:

- kòd vapè dlo ak ti kòd plastik
- Estrikti: PVC oswa tiyo metal.
- Vav ak bouton pouse (egzanp)
- Siy aliminyòm ak estrikti ak espas pou enstale vav ak bouton pouse a
- Adaptè pou konekte liy vapè dlo a nan vav ak bouton pouse a ak sous dlo a
 - Egzanp: Pou konekte yon liy vaporizasyon estanda 3/8" ak yon vav mezire estanda 1/2" NPT, w ap bezwen de adaptè pouse-fèmen (lyen)

- Patiraj zouti
- Konektè kont traksyon

Etap konfigirasyon:

1. Chwazi yon kote toupren yon koneksyon dlo kote ou gen kapasite pou enstale yon siy ak estrikti poto vapè dlo an sekirite. Egzanp: yon jaden oswa yon kabann tè pou plante.
2. Enstale estrikti a an sekirite. Asire w ke li pa p tonbe - ou ka bezwen antere li fon oswa boulonen li nan tè a!
3. Byen enstale siy la ak sipò vav la.
4. Enstale vav mezire ak bouton pouse a sou panèl siy la epi fèmen li nan patiraj zouti a.
5. Atache kòd vapè dlo a nan estrikti a ak kòd plastik yo.
6. Atache kòd vapè dlo a nan vav mezire bouton pouse a avèk adaptè yo ak konektè kont traksyon yo.
7. Atache kòd vapè dlo a nan tiyo arozaj la.
8. Atache tiyo arozaj la nan sous dlo a epi jwi l!





Egzanp: yon sistèm menm jan ki bati pa Rose Kennedy Greenway nan Chinatown



Example of a metered water valve. This type of valve is set to dispense water for a defined amount of time, meaning there is no risk of water being left on.

PLAZA REFWADISMAN PA SEZON



Trè bon pou:

Bay lonbraj (ak vapè dlo) pou aktivite deyò pandan tout lete a.

Pri apwoksimatif:

\$1000 e plis.

Pèsònèl:

W ap bezwen yon ekip pou monte sa a epi demonte li.

→ Antretyen chak jou ka genyen ladan: Ouvè e fèmen sistèm vaporizasyon an, mete ak estoke founiti, epi netwaye.

Konsèy:

→ Nou rekòmande travay ak materyèl ki a la pòte - sa fè antretyen pi fasil alontèm.

→ Pèsonalize espas la avèk siy, atizay, ak founiti espesifik ak bezwen ou yo

→ Drenaj dlo: dlo lapli gen tandans pou chita nan mitan kalite kouvèti lonbraj sa yo. Pou anpeche sa a, enstale materyèl pou kouvri lonbraj ou a nan yon ang oswa fè ti twou drenaj.

Eleman:

- Twous estrikti lonbraj (sipò ak vwal lonbraj) [Egzanp](#)
- Poto bwa 4 pous pa 4 pou x 8 pye
- Founiti
- Siyalizasyon
- Opsyonèl:
 - Kòd vapè dlo
 - Tiyo arozaj
 - Revèy pou vav

Etap konfigirasyon:

1. Chwazi yon kote ki toupre yon sous dlo potab. Asire lokasyon w lan aksesib pou yon pakèt itilizatè. Si tiyo arozaj la travèse yon twotwa oswa yon lòt chemen, [itilize yon ranp papòt ADA](#) pou anpeche danje pou moun kilbite.
2. Monte estrikti a dapre enstriksyon ki vini avèk li yo.
3. Ajoute siyalizasyon avèk chèz.
4. Si w ap itilize yon liy vapè dlo:
 - a. Atache kòd vapè dlo a nan estrikti avèk kranpon tiyo ou yo. Asire ke tout bouch tiyo yo fè fas andedan. Si se premye fwa wap itilize l, pa tache bouch tiyo vapè dlo yo nan liy vaporizasyon an jiskaske apre ou fin floche li ak dlo pou retire tout debri.
 - b. Konekte tiyo arozaj la nan sous dlo a ak nan kòd vapè dlo a. Si w ap itilize yo, atache filtè dlo a ak/oswa kontwòl vav dlo oswa revèy. Ou ka bezwen aplike adezif plonbye a nan fil tiyo arozaj yo epi sèvi ak pens channellock pou byen kole l.
 - c. Ouvè dlo a epi jwi l!



Egzanp nan de branch lokasyon bibliyotèk piblik Boston (Boston Public Library).

ESTASYON REFWADISMAN ANDEDAN



Trè bon pou:

Bay aksè nan yon espas ki gen èkondisyone nan jou ki fè cho anpil.

Pri apwoksimatif:

Yon tablo sandwich ak siyalizasyon ki pa chè ap koute anviwon \$150.

Pèsonèl:


W ap bezwen yon moun pou mete siy byenvini an deyò

Konsèy:

- Asire ke lè ouvlab yo kominike klèman nan siy ou yo
- Mete plizyè lang sou siy ou si sa posib
- Montre byen klè ke aksè ak espas ou a gratis

Eleman:


- Siy pou akeyi moun andedan nan yon espas èkondisyone
- Opsyonèl:
 - Syèj
 - Dlo
 - Aksè nan twalèt
 - Dezenfektan pou men
 - Jwèt tablo, magazin, oswa lòt aktivite trankil



MESAJ POU RETE FRE

OLDER ADULTS _ ■ ×


3 Key Heat Resilience Messages for Older Adults



- Stay cool. Spend time in air conditioned spaces.
- Make sure a friend or neighbor knows to check on you.
- Seek medical care if you start to feel unwell.

GENERAL _ ■ ×

Latest City of Boston News



- Due to the hot weather in the forecast, Mayor Wu has declared {LINK} a heat emergency in the City of Boston through {Duration}

Trè bon pou:

Genyen mesaj ki fasil pou deplwaye pou ogmante konsyantizasyon sou chalè ekstrèm.

→ Itilize [Rezo komunikasyon estrateji refwadisman nan tout vil la](#) kòm yon gid lè w ap kominike ak anplwaye, kontraktè, ak manm kominote yo sou sekirite ak preparasyon lè chalè .

Pri apwoksimatif:

Gratis!

Pèsonèl:

Dezinye yon moun pou voye mesaj yo

Konsèy

→ Pèsonalize mesaj la dapre bezwen moun ki konsène yo.

Eleman:

- Tcheke [Rezo komunikasyon estrateji refwadisman nan tout vil la](#). Li gen ladann:
 - Deskripsyon kout sou resous ak mesaj kle yo
 - Egzanp tèks pou odyans jeneral ak popilasyon vilnerab lè chalè yo, tankou granmoun aje, travayè andedan kay ak deyò kay, moun ki gen maladi kwonik, ak moun ki gen andikap.
 - Lyen ki mennen nan resous depliyen ki ka enprime ak enfòmasyon adisyonèl.